



KEMENTERIAN PENDIDIKAN, KEBUDAYAAN, RISET, DAN TEKNOLOGI  
REPUBLIK INDONESIA  
2023

# Dhugdhug lan Thongthong

## Dhugdhug dan Thongthong

Penulis  
Diah Pratiwi

Ilustrator  
Adi Chandra







KEMENTERIAN PENDIDIKAN, KEBUDAYAAN, RISET, DAN TEKNOLOGI  
REPUBLIK INDONESIA  
2023

# Dhugdhug lan Thongthong

## Dhugdhug dan Thongthong

Penulis : Diah Pratiwi  
Ilustrator : Adi Chandra  
Penerjemah: Diah Pratiwi

**Hak cipta pada Kementerian Pendidikan, Kebudayaan, Riset, dan Teknologi  
Republik Indonesia.**

Dilindungi Undang-Undang.

Penafian: Buku ini disiapkan oleh pemerintah dalam rangka pemenuhan kebutuhan buku pendidikan yang bermutu, murah, dan merata sesuai dengan amanat dalam UU Nomor 3 Tahun 2017. Buku ini diterjemahkan dan ditelaah oleh berbagai pihak di bawah koordinasi Kementerian Pendidikan, Kebudayaan, Riset, dan Teknologi. Buku ini merupakan dokumen hidup yang senantiasa diperbaiki, diperbarui, dan dimutakhirkan sesuai dengan dinamika kebutuhan dan perubahan zaman. Masukan dari berbagai kalangan yang dialamatkan kepada penulis atau melalui alamat posel [balaibahasadiy@kemdikbud.go.id](mailto:balaibahasadiy@kemdikbud.go.id) diharapkan dapat meningkatkan kualitas buku ini.

**Dhugdhug lan Thongthong**  
**Dhugdhug dan Thongthong**

Penulis : Diah Pratiwi  
Ilustrator : Adi Chandra  
Penerjemah : Diah Pratiwi  
Penyunting : Nindwihapsari  
Penata letak: Eros Rosita

**Penerbit**

Kementerian Pendidikan, Kebudayaan, Riset, dan Teknologi

Dikeluarkan oleh  
Balai Bahasa Provinsi Daerah Istimewa Yogyakarta  
Jalan I Dewa Nyoman Oka 34, Yogyakarta  
<https://balaibahasadiy.kemdikbud.go.id>

Cetakan Pertama, 2023  
ISBN 978-623-112-605-4 (PDF)

Isi buku ini menggunakan huruf Andika New Basic, Henny Penny, Calibri  
ii, 24 hlm: 21 x 29,7 cm.



# Kepala Balai Menyapa

Hai, pembaca yang budiman.

Kami mempersembahkan buku-buku cerita bernuansa lokal Daerah Istimewa Yogyakarta. Pembaca dapat menikmati cerita dan ilustrasi yang menarik di dalamnya.


Buku-buku cerita ini disajikan dalam dua bahasa, yaitu bahasa Jawa dan bahasa Indonesia. Semoga buku ini menumbuhkan minat membaca dan semangat melestarikan bahasa daerah serta menginternasionalkan bahasa Indonesia.

Selamat membaca!

Kepala Balai Bahasa Provinsi DIY

Dwi Pratiwi





Iki jenenge Dhugdhug si bedhug, wujudé bunder lan mblendhuk.

Bedhug dithuthuk kanggo nengeri wayah.

Bedhug biasane dipapanake ing langgar utawa mejid.

Benda ini adalah sebuah beduk bernama Dhugdhug. Beduk memiliki bentuk bulat seperti tabung dan besar.

Beduk dibunyikan sebagai pertanda waktu.

Beduk biasanya ditempatkan di langgar atau masjid.





Bedhug dithuthuk nganggo  
garan sing diwenehi karet  
pucuke.


Swarane dhuug... dhug...  
dhug...dhurudhug....

Mlebu wayah surup bocah-  
bocah padha menyang  
langgar.

Bedug dipukul dengan kayu  
yang ujungnya berkaret.

Suaranya duk... duk...  
duruduk....

Menjelang senja, anak-anak  
pergi ke langgar.





Dina iki swarane bedhug ora gandhang, nanging mung bem... bem... bem....

“Wadhuh, ngapa bedhuge ora bisa banter?” gumune Pak Ari.

Pak Ari nemokake kenapa bedhug ora banter, jebule kulit bedhug ana sing suwek.

Hari ini suara beduk tidak nyaring, hanya berbunyi bem... bem... bem....

“Waduh, kenapa suara beduknya tidak keras?” Pak Ari heran.

Pak Ari akhirnya menemukan penyebab mengapa beduk tidak bersuara keras, ternyata kulit beduk ada yang sobek.





Pak Ari kondur mundhut kenthongan.


Kenthongan dicantholake ing ndhuwur bedhug banjur dithuthuk.

Suarane thog... thog... torothog... thog... thog....

Pak Ari pulang dan mengambil *kenthongan*.

*Kenthongan* kemudian digantung di atas beduk.

*Kenthongan* kemudian dipukul dan mengeluarkan suara tok... tok... torotok... tok... tok....



“Sugeng siyang, Mas Bedhug,” ana swara saka ndhuwur.

“Sugeng siang! Jenengku Dhugdhug,” jawab Dhugdhug.

“Sapa jenengmu?”  
Dhugdhug ndangak.

“Jenengku Thongthong.  
Aku iki kenthongan,”  
wangsulane Thongthong.

“Selamat siang, Mas Beduk.” Terdengar suara dari atas beduk.

“Selamat siang! Namaku Dhugdhug, siapa namamu?”  
Dhugdhug mendongak.

“Namaku Thongthong.  
Aku adalah sebuah  
*kenthongan*,” jawab  
Thongthong.





“Awakmu cilik, nanging mau keprungu swaramu banter. Kepriye carane?” pitakone Dhugdhug.

“Yen arep diunekake, aku dithuthuk nggon bolongan nganggo kayu,” wangsulane Thongthong.

“Badanmu kecil, tetapi tadi suaramu terdengar keras. Bagaimana caranya?” tanya Dhugdhug.

“Apabila hendak dibunyikan, bagian lubang dipukul dengan kayu,” jawab Thongthong.





“Thong, aku kepingin ngerti piye carane gawe kenthongan,” panjaluke Dhugdhug.

“Oooo, ngene carane gawe kenthongan,” Thongthong crita marang bedhug.

“Kaping pisan, golek kayu sing apik. Kayu sing biasane dianggo, yaiku kayu jati, kayu nangka, utawa pring ori.”

“Thong, ceritakan bagaimana cara membuat kenthongan,” pinta Dhugdhug.

“Ooo, begini cara membuat kenthongan,” Thongthong memulai bercerita kepada Dhugdhug.

“Pertama, kita mencari kayu yang bagus. Kayu yang biasa digunakan adalah kayu jati, batang pohon nangka atau batang bambu ori”.





“Kaping pindho, kayu diukur  
sepira dawane lan digraji.

Kayu kang wus digraji  
banjur dikrowoki ndlujur lan  
dilus.

Sawise iku, kenthongan  
wus bisa dithuthuk banter,”  
celathune Thongthong.

“Langkah kedua, kayu  
diukur panjangnya dan  
digergaji.

Kayu yang telah digergaji  
kemudian dibuat cerukan di  
tengahnya dan dihaluskan.

Setelah itu, *kenthongan*  
siap digunakan,” kata  
Thongthong.





“Ana uga tukang kayu kang lantip. Kenthongan digawe wujud lombok abang-ijo.


Ana uga kenthongan kang diwujudake rupa kala utawa buta.

Sing wujud bebek saka oyot pring uga apik tenan,” wangsulane Thongthong.

“Ada juga tukang kayu yang kreatif. *Kenthongan* dibuat dengan model cabai berwarna merah-hijau.

Ada juga bentuk kepala raksasa.

Bentuk itik yang dibuat dari akar pohon bambu juga bagus sekali,” jawab Thongthong.




“Kenthongan sing digandhulake ing ngarep omah lan cakruk kae paedahe apa?” pitakone Dhugdug.

“Paedahe supaya gampang anggone wong arep nuthuk kenthongan.”

“Apakah manfaat *kenthongan* yang digantung di depan rumah dan cakruk?” tanya Dhugdug.

“Manfaatnya supaya memudahkan orang menggunakan *kenthongan*.”





“Nuthuk kenthongan kuwi ana mupangat lan carane.

Manawa kenthongan dithutuk 1-1-1 utawa titir kui pertandha ana wong mati.

Manawa 2-2-2 ana maling, 3-3-3 ana kobongan, lan sapiturute,” wangsulane Thongthong.

“Ada cara dan fungsi memukul *kenthongan*.

Apabila *kenthongan* dipukul 1-1-1 atau terus-menerus, artinya ada orang yang meninggal.

Apabila *kenthongan* dipukul 2-2-2, artinya ada pencuri, 3-3-3, artinya ada kebakaran, dan sebagainya,” jawab Thongthong.





“Mlebu wayah wengi,  
bapak-bapak muter  
kampung sinambi nuthuk  
kenthongan.”

“Lha ngapa, Thong?”  
pitakone Dhugdhug.

“Kanggo njaga keamanan  
kampung Dhug, ibarate  
saiki kaya *patroli*,”  
wangsulane Thongthong

“Menjelang malam hari,  
bapak-bapak berkeliling  
kampung sambil memukul  
kenthongan,” lanjut  
Thongthong.

“Kenapa begitu, Thong?”  
tanya Dhugdhug.

“Untuk menjaga keamanan  
kampung Dhug atau bisa  
juga disebut patroli,” jawab  
Thongthong.





“Iya, Thong. Aku kelingan nalika ana kadadean kobongan ing omahe Pak Toyo.

Wong-wong padha nuthuk kenthongan. Nalika keprungu swara kenthongan, wong sadesa padha teka. Banjur para warga gotong-royong nggebyuri geni nganggo banyu.

Jaman kuwi durung ungsun HP kaya saiki, ta?” celathune Dhugdug.


“Iya Thong, saya teringat saat rumah Pak Toyo kebakaran.

Warga beramai-ramai memukul *kenthongan*. Saat mendengar bunyi *kenthongan*, warga berdatangan. Lalu mereka bergotong-royong memadamkan api dengan air.

Zaman itu terjadi saat HP belum banyak seperti saat ini ya?” kata Dhugdug.








Mulane, bedhug lan kenthongan kasebut dadi piranti komunikasi tradhisional.

Piranti tradhisional liyane, arupa surat, merpati pos, sempritan, lan telegraf. Bedhug katon temenan anggone ngrungokake Kenthongan crita.

Karena itulah, beduk dan *kenthongan* tersebut menjadi alat komunikasi tradisional.

Alat komunikasi tradisional yang lain berupa surat, merpati pos, peluit, dan telegraf.

Bedhug dengan serius mendengarkan cerita *Kenthongan*.



“Dhug, awakmu uwis krungu crita babagan kenthongan. Saiki critakna piye anggone nggawe bedhug?”

Dhugdhug banjur crita carane nggawe bedhug. Diwiwiti golek lonjoran wit sing gedhe. Lonjoran wit diukur sameteran banjur digraji. Sawise digraji banjur dikeruk tengahé kaya bumbung saka kayu sing mblendhuk.

“Dhug, kamu sudah mendengar cerita tentang *kenthongan*. Nah, saatnya sekarang ceritakan bagaimana proses membuat beduk?”

Dhugdhug kemudian bercerita cara membuat beduk. Diawali dengan mencari batang pohon yang besar. Batang pohon berukuran kurang lebih satu meter. Kemudian digergaji dan dilubangi tengahnya menyerupai tabung agak cembung.





Dhugdhug nutugake crita.  
Sabanjure, bambung kayu  
ditutup sisih kiwa tengene  
nganggo lulang lan dipantek  
wesi.

Dhugdhug melanjutkan  
cerita.

Selanjutnya, bambung kayu  
ditutup pada sisi  
kanan dan kiri  
dengan kulit dan  
dipasak dengan besi.





Lulang kang dianggo tutup bedug digawe saka kulit sapi utawa kebo.

Kulit sapi utawa kebo dipepe nganti garing.

Kulit yang digunakan sebagai tutup beduk terbuat dari kulit sapi atau kerbau.

Kulit tersebut dijemur hingga kering.





Bedhug digawe warna-warna jinise.

Ana sing gedhe lan ana sing cilik. Ana sing diukir lan ana sing polos.

Uga ana kang diwarnani utawa diplitur.

Bedhug kang diplitur katon luwih gagah.

Beduk dibuat bermacam-macam jenisnya.

Ada yang berukuran besar dan ada yang kecil. Ada yang diukir dan ada yang polos.

Ada juga yang dicat atau diplitur.

Beduk yang diplitur tampak lebih gagah.





Dina candhake Dhugdug digawa nganggo kol menyang servisian bedhug. Lulange sing suwek katon mangap.

Keesokan harinya, Dhugdug dibawa dengan mobil kol ke tempat servis beduk.

Kulit beduk yang sobek tampak menganga.





Thongthong manggon dewe  
ing ngarep langgar.

Saben dina dheweke nyanyi  
Bedhug Agung. Kaya  
mengkene syaire.

*Bedhug agung, bedhug  
agung*

*Ning kana gumantung*

*Piye unine, piye unine*

*Dhungdheg eser eser*

*Dhungdheg eser eser*

Thongthong tinggal  
sendirian di teras langgar.

Setiap hari dia bernyanyi  
Beduk Agung. Seperti ini  
syairnya.

*Bedhug agung, bedhug  
agung*

*Ning kana gumantung*

*Piye unine, piye unine*

*Dhungdek eser eser*

*Dhungdek eser seser*





# Biodata



## Penulis dan Penerjemah

Diah Pratiwi, S.S, S.Pd lahir di Bantul pada tanggal 09 April 1980. Saat ini mengajar di TK ABA Tegalsari Banguntapan, Bantul. Selain sebagai pendidik saat ini penulis juga mengelola dan mendirikan SPS Ar Rossi yang mengembangkan literasi aksara dan pengenalan budaya Jawa. Penulis pernah memenangkan sayembara penulisan dongeng anak 'Andong' (Antologi Dongeng) yang diterbitkan oleh Kundha Kebudayaan DIY tahun 2022. Selain itu, penulis juga menulis Buku Mewarnai Aksara jilid 1 dan 2 yang diterbitkan oleh Kundha Kebudayaan DIY Penulis bisa dihubungi di wa 08883933599, tiktok cikgu diah, FB dan Ig Diah Pratiwi. Salam budaya. Salam sehat dan bahagia




## Ilustrator

**Adi Chandra**, lahir di Indramayu. Saya menyelesaikan pendidikan S1 di Universitas Indraprasta PGRI Jakarta. Karir sebagai ilustrator dimulai saat saya masuk kuliah. Hingga sekarang saya fokus sebagai *digital coloring* dan *background artist* di beberapa film animasi Indonesia, maupun Jepang. Saya bisa dihubungi melalui posel [adichand29@gmail.com](mailto:adichand29@gmail.com) atau bisa disapa di Intagram @adi\_chand.



## Penyunting

**Nindwihapsari**, lahir di Surakarta pada 28 November. Pernah menyunting naskah cerita anak. Saat ini aktif sebagai Widyabasa Ahli Muda di Balai Bahasa Provinsi DIY dan memiliki tugas utama di bidang perkamusan dan peristilahan. Ia dapat ditemui di Balai Bahasa Provinsi DIY dengan alamat Jalan I Dewa Nyoman Oka 34, Kotabaru, Yogyakarta atau via posel [nindwihapsaribby22@gmail.com](mailto:nindwihapsaribby22@gmail.com).






CERDAS  
BERLITERASI









MILIK NEGARA

TIDAK DIPERDAGANGKAN

"Hari ini suara Dhugdhug tidak nyaring.  
Suaranya bem... bem... bem....  
Aduh, kenapa Dhugdhug tidak bersuara keras?  
Apakah Dhugdhug sakit?  
Siapa yang bisa menggantikan  
tugas mulia Dhugdhug?"

ISBN 978-623-112-605-4 (PDF)



**KEMENTERIAN PENDIDIKAN, KEBUDAYAAN, RISET, DAN TEKNOLOGI  
REPUBLIK INDONESIA  
2023**